



Office Burundais des Recettes

"Je suis fier de contribuer à la construction du Burundi "

Akamaro ko kurega forode, no kuronswa agashirukabute kuwadomyeko urutoke ahabereye forode



B.P 3465
BUJUMBURA II
Tél : (+257)22 28 21 32
Webmail : info@obr.gov.bi
Web site : www.obr.bi



Intangamarara

Mu Burundi, eka mbere no kw'isi yose, haravurwa akaranda ka forode mu makori yo hagati mu gihugu no mu makori yerekeye amaduwane. Ako karanda karamata hapfa akokize, igihugu na beneco bakanigirwa muri menshi kumvo z'inyungu z'umuntu umwe canke akarwi gatoyi kabantu. Nabibaza ko forode ibatungisha bagahereza kumaramara.

Leta y'Uburundi yarafashe ingingo yo gutuza forode mu gushiraho amabwirizwa n'inezgo z'igihugu zo kuyituza bafadikanije n'abo bose bakunda igihugu, kandi birashoboka kuko nta kinanira abantu banama rimwe. Ishirahamwe ry'ibihugu vy'akarere ka Afurika y'Ubuseruko naryo nyene ryarashizeho ibwirizwa rigenga iringanizwa ry'amaduwane yo muri Afurika y'Ubuseruko rituza ico caha co gukora forode, mbere rishinga ibihano bikomeye ngo ntihagire uwusubira gucutsa agatima ko kugira forode. Ariko, ntawosya bwose ngo ako karanda karaheze, ni ukurikanura twese dushize inguvu hamwe, tukayituza mu kudomako urutoke abo bose bayikora kugira bayite nk'akanuka.

**Ushaka kurega forode uri mu muhora wa
telefono ngandanwa ya Econet-Leo.**

Hamagara ko ku buntu ku nomero

71 450 450



I. Forode ni iki ?

Forode ni iyo ngendo mbi yose yo kutariha amakori n'amatagisi ategekanijwe n'amategeko haba mu makori n'amatagisi yo hagati mu gihugu canke ayerekeye amaduwane iyo ibidandazwa vyinjiye mu gihugu.

II. Forode bayikora gute ?

Aho ni ukuhagabira kuko forode ifise ibiyiranga vyinshi ariko i intumero yayo ni ukunyikiza ubutunzi bw'ighugu mu kutariha amakori n'amatagisi ategekanijwe n'amategeko. Ayo nayo niyo Leta yikorako mu kurangura imigambi itandukanye mu buzima bw'ighugu.

Ibimenyetso vyayo bikeya muri vyinshi ni nk'ibi bikurikira :

1. Gukoresha impapuro z'amagendu,
2. Kugabanya ibiciro vy'ibidandazwa ku ma fagitire ngo utozwe make atemewe n'amategeko,
3. Gucisha ibidandazwa mu rufuri, ntuce aho abakozi b'ikigo kijejwe gutororokanya amakori n'amatagisi mu Burundi « OBR » bakorera kugira ngo nturihishwe ibidandazwa winjije,



4. Kudandaza ibikoresho waronseko uturusho twa Leta,
5. Ku tubahiriza amasezerano wagiriraniye n'ighugu, ikaguha uturusho ariko wewe ntukore ivyo wiyemeje canke ukabikora nabi,
6. Kubesha ugatanga ibiharuro atari vyo kugira ucharurirwe amatagisi ku gitigiri gitoya,
7. Kwiyobagiza kuriha amatagisi yose wategerezwa kuriha baguharuriye,
8. N'ibindi n'ibindi.

III. Ni bande bakora forode ?

Bari mu bisata vyinshi kandi bayikora mu buryo butandukanye. Bibonekeza cane cane mu bagwizatunga, mu baronka amasoko ya Leta, mu mashirahamwe atandukanye, mu badandaza ibantu nya Leta canke ivyo abikorera utwabo, n'ahandi. Ariko rero, uwushaka gukiza ighugu, yigisha ba nyeneco maze iterambere rigasasagara.



IV. Ingaruka mbi za forode

1. **Gusubiza igihugu inyuma,**
2. **Guhombesha abandi bagwizatunga,**
3. **Kwicisha ubukene abarundi ,**
4. **Kwaka iteka igihugu n'abakibamwo bakaguma batega amashi mu kwama barondera imfashanyo,**
5. **Kubura iteka mu gihugu no mu muryango,**
6. **Ubwicanyi n'ibindi.**

V. Akamaro ko kurega forode

1. Igihugu kirinjiza mu kigega ca Leta, amakori n'amatagisi yo kwiteza imbere mu kurangura imigambi myinshi. Iyo nayo ni nk'imishahara y'abakozi, kwubaka ibitaro, amabarabara, amazi meza, ingomero z'umuyagankuba, amashuri, kuvuza abana badashikana imyaka itanu ku buntu, abavyeyi bibaruka ku buntu n'ibindi,



2. Abagwizatunga baratera imbere, bakadandaza ku rugero rungana,
3. Kvirinda ubwicanyi ,gusimba imitego n'ubumara vyica, bishobora kwinjira mu gihugu biciye muri forode,
4. Gutabara, kugarukira uwugira forode kugira ayihagarike atarahomba, ngo atere ingorane kuri we nyene, ku muryango wiwe no ku gihugu iyo afashwe,
5. Kuzana iteka mu gihugu no mu muryango.
6. Gukunda igihugu, n'abakibamwo.

VI. Ni bande bafise ububasha bwo kurega forode

Ubwo burenganzira bufiswe n'uwo wese yaba umurundi canke umunyamahanga, aba mu burundi canke hanze y'uburundi. Forode ni icaha, umuntu wese yikunda akongera agakunda igihugu, ategerezwa kuyishengeza mu kuvuga aho ibera, ariko mw'ibanga ntangere.



VII. Ingene barega forode

Mu kurega forode, ubimenyesha mw'ibanga wanditse canke uterefonye.

Itegeko ry'umushikiranganji w'ikigega ca Leta nomero 540/001 ryo kw'igenekerezo rya 02 nzero 2018 rishiraho agashirukabute karonswa muntu wese adomyeko urutoke abanyuruza amakori n'amatagisi yokwinjiye mu kigo OBR, mu ngingo yaryo ya 4 itegekanya ko bashikiriza ibirego umuyobozi mukuru w'ikigo OBR¹.

Umuyobozi Mukuru w'ikigo OBR aca abiha abakozi biwe ngo bakore dosiye, inyuma yuko mu biro yyiwe bahejeje kuyiha inomero imwe rudende yisangije. Abo bakozi biwe ni abo mu Gisata c'Itohoza no Kwirinda Impanuka. Itohoza rica ritangura, iyo dosiye igakorwa mu kiringo kitarenze amezi atatu kugira bakubwire ko ivyo wareze bifise ifatiro canke atayo.

¹ *Ingingo ya 4 y'itegeko ry'umushikiranganji w'ikigega ca Leta n°540/001 ryo kuwa 02/01/2018.*



Ariko rero, kubera kurwanya forode ari igikorwa ca bose, n'ibindi bisata bitandukanye birashobora kumenyesherezwa mwo forode ariko ntibace kubiri n'Itegeko ry'umushikiranganji w'ikigega ca Leta, ritegekanya ko bashikiriza ibirego umuyobozi mukuru w'ikigo OBR ibijanye na forode.

Igisata c'itohoza no kwirinda impanuka co muri OBR naco nyene kirashobora kwakira ibirego kubera abantu arivyo bari basanzwe bamenyereye imbere yuko iyo ngingo y'umushiranganji isohoka. Ariko kigaca kibimenyesha Komiseri mukuru wa OBR mu kiringo c'indwi imwe.

Ico gisata kirafise na nomero yo guhamagara ko ku buntu iyo uriko urarega forode uri mu muhora wa telefone ngandanwa ya Econet-Leo. Iyo nomero nayo ni 71 450 450.

N'abandi ba komiseri ba OBR canke abandi bategetsi nk'umushikiranganji w'ikigega ca Leta, abakozi ba OBR n'abandi bakozi bose ba Leta nabo nyene, barashobora kumva inkuru ijanye na forode babwiwe. Bisabwa ko baca babimenyesha Komiseri mukuru wa OBR mu maguru masha, atawundi arabatanga, kugira dosiye ibandanye neza kandi n'ingoga mu nzira yerekanywe na rya tegeko ry'umushikiranganji w'ikigega ca Leta ryavuzwe aho hejuru.



VIII. Inzira y'amategeko dosiye icamwo mu kuyikora

Igihe basanze dosiye yawe ifisero, dosiye irabandanya gukorwa n'ingonga n'ibisata bibijewe kugira bamenyeshe uwakoze iyo forode, amahera ategerezwa kurihwa mu kigega ca Leta. Uyo muntu aronse ubwo butumwa bwo kumumenyesha amahera ariha, arafise ikiringo c'imisi 20 co kwiregura, atanga umuco ku makori n'amatagisi bamuciye. Atabikoze, amakori n'amatagisi bica biba ntabanduka. Yireguye, baca bamukorera icegeranyo c'amakori ariha. Aha nahos nyene arafise uburenganzira bwo kwunguruza urubanza kwa Komiseri mukuru wa OBR mu kiringo c'imisi 30². Komiseri nawe afise ikiringo c'imisi 30 nyene ngo amwishure³. Ariko arashobora kucongereza iyindi misi 30 iyo bigoranye⁴ kandi barabimumentyesha.

² Agace ka 4 k'Ingingo N/REF : 540/92/CG/01/843/A.N/2018 y'Umuyobozi mukuru w'ikigo OBR.

³ Ingingo ya 69 y'ibwirizwa rigenga ingene amakori atozwa, aringanizwa(de la loi sur les Procédures fiscales)

⁴ Ingingo ya 72 y'ibwirizwa rigenga ingene amakori atohozwa, aringanizwa.

⁵ Ingingo ya 72 y'ibbwirizwa rigenga ingene amakori atozwa, aringanizwa.



Aha naho nyene, adashimye inyishu ya Komiseri mukuru wa OBR, arashobora kwunguruza urubanza akarutwara imbere y'umurwi w'iyungurizo ubijejwe mu kiringo c'imisi 15⁵.

Uyo murwi ufise ikiringo c'imisi 60 kugira wishure uwo yitwaye⁶. Iyo adashimye, aca yitura umushikiranganji w'ikigega ca Leta mu kiringo c'imisi 60⁷. Iyo inyishu y'umushikiranganji itamushimishije, aca yitura ubutungane haheze ikiringo c'amezi 6 kuva aronse inyishu y'umushikiranganji w'ikigega ca Leta⁸, bakaburana gushika urubanza rube ntabanduka.

Iyo uwagize forode arishe, awareze canke yatanze amakuru ya forode aca aronka ic'icumi ciwe baharura hatarimwo ihadabu, mu kiringo c'imisi itarenga 30⁹ amakori n'amatagisi yari yibwe yinjiye mu kigega ca Leta.

Iyo ari ivyerekeye amaduwane, forode bayireze, ibintu bigafatwa, baca bagira icegeranyo c'iryo fatwa hamwe n'agaciro k'ivyo bidandazwa n'amahera yamatagisi yoriha Leta hamwe n'ihadabu.

⁶ Ingingo ya 77 y'ibwirizwa rigenga ingene amakori atozwa, aringanizwa.

⁷ Ingingo ya 81, y'ibwirizwa rigenga ingene amakori atozwa, aringanizwa.

⁸ Ingingo ya 83 y'ibwirizwa rigenga ingene amakori atozwa, aringanizwa.

⁹ Ingingo ya 84 y'ibwirizwa rigenga ingene amakori atozwa, aringanizwa.



Ayo ariha Leta, hatarimwo ihadabu, niyo baca bafatirako mu guharura 10% y'agashimwe kiwe. Baca baba baramuha amahera y'ibanze arivyo bice 30% y'ayo 10%¹⁰ mu kurindira ko uwakoze forode ariha yose canke ivyafashwe vyose bidandazwa icamunara ngo ace aronka 70% y'ayasigaye¹¹. Ibidandazwa vyafashwe, igihe batabirihiye ngo babitware, bica bishirwa mu bubiko bwa duwane ikiringo c'imisi 30. Komiseri wa duwane aca amenyesha nyenevyo ko bidakuweho mu misi 30 nyene bica bifatwa nk'ivyatawe, bikagurishwa icamunara.

Mumenye ko no mu maduwane, uwafatanywe forode arashobora kwunguruza imbere ya Komiseri wa duwane mu kiringo c'imisi 30¹². Nawe akaba afise ikiringo c'imisi 30 nyene kugira yishure¹³.

¹⁰ *Ingingo ya 3, agace ka 2 k'itegeko ry'umushikiranganji w'ikigega ca Leta n°540/001 ryo kuwa 02/01/2018.*

¹¹ *Ingingo ya 229 agace ka 1, k'ibwirizwa rigenga iringanizwa ry'Amaduwane yo muri Afrika y'Ubuseruko ryasohowe muri 2004, rigahinyanyurwwa muri 2009, urupapuro 208.*

¹² *Ingingo ya 229 agace ka 4 na 5, k'ibwirizwa rigenga iringanizwa ry'Amaduwane yo muri Afrika y'Ubuseruko ryasohowe muri 2004, rigahinyanyurwwa muri 2009, urupapuro 209.*

¹³ *Ingingo ya 230 agace ka 2, k'ibwirizwa rigenga iringanizwa ry'Amaduwane yo muri Afrika y'Ubuseruko ryasohowe muri 2004, rigahinyanyurwwa muri 2009, urupapuro 210.*



Adashimye naho ingingo yiwe akitura ubutungane mu kiringo c'imi 45 kuva amenyeshejwe ingingo ya Komiseri wa duwane¹⁴. Umuntu aca arindira ingingo ya sentare.

IX. Ingene baronka agashimwe

Uwareze forode aguma abikwirikirana, abaza aho dosiye igeze. Yumvise iheze, amahera yarishwe, aca asaba kwa Komiseri Mukuru wa OBR, agashimwe kiwe, mukumwandikira ikete aho ashiramwo I nomero ya konte yiwe na banki canke koperative bagaca bayamushirirako. Ako gashimwe nako akaronka mu kiringo kitarenze ukwezi kumwe gusa.

X. Agashimwe kangana iki?

Agashimwe kangana n' ibice 10% vy' amahera y'amakori n'amatagisi yorishe iyo atagira forode. Ihadabu ntirimwo muguharura agahembo kiwe.

¹⁴ Ingingo ya 230 agace ka 2, k'ibwirizwa rigenga iringanizwa ry'Amaduwane yo muri Afrika y'Ubuseruko ryasohowe muri 2004, rigahinyanyuruwwa muri 2009, urupapuro 210.

Muvyo amaduwane, iyo ibidandazwa vyafashwe, uwareze forode arashobora kuba araronka amahera y'ibanze angana n'ibice ya 30% kuri ayo 10%.

XI. Agashimwe gatangwa ryari ?

Agashimwe bagatanga mu kiringo c'imisi 30, kuva kumusi amahera arishwe n'uwakoze forode canke bagurishije icamunara ivyo bidandazwa. Muvyo amaduwane, iyo ibidandazwa vyafashwe, uwareze forode arashobora kuba araronka amahera y'ibanze angana n'ibice 30% vya 10% y'agashimwe

XII. Abaronka agashimwe ni bande ?

Uwo wese yareze forode kiretse abantu basanzwe bafise mu mabanga yabo y'akazi, igikorwa co kurwanya forode.

Gusoza

Mu gusoza, ikigi OBR kirahamagariye umuntu wese kurwanya forode, uwuyikoze akadomwako urutoke, akongera agashengezwa ku neza y' igihugu. Agashimwe kartegekanijwe, ariko ubikore mw'ibanga nk'uko na dosiye yawe ikorwa mw'ibanga ku mvo z'umutekano wawe.



upalai

14/05/2014 14:14:38

Upalai
Full Cream
Lassi
Upalai
Full Cream
Lassi

FRAGILE
HANDLE WITH CARE

Svedis

Svedis

Svedis

Ushaka kurega forode uri mu muhora wa
telefone ngandanwa ya Econet-Leo.

Hamagara ko ku buntu ku nomero

71 450 450



500

« Gatanu ubusa ubusa », inomero yishura ku
bibazo vyose bijanye n'amakori n'amatagisi.

Ni ku
buntu !